


TPO Miami-Dade la te devlope yon Pwosesis Jesyon blokis (CMP) pou reponn a bezwen patikilye Konte Miami-Dade yo. Yo devlope CMP a pou li yon mwayen sistematik pou siveye, mezire e idantifye blokis transpò andedan zòn metwopolitèn nan. Li sèvi pou evalye ak pwomouvwa estrateji ki baze sou pèfòmans pou jere blokis transpò kounye a e lavni.



Kat agòch la montre yon foto enstantane **Fyabilite Tan Vwayaj (TTR)** ann avril 2023 pou èdepwent aprèmidi (4 PM – 7 PM).

Fyabilite Tan Vwayaj

=
Tan mwayèn pou rive nan yon destinasyon
Tan reyèl pou rive nan yon destinasyon

Sa vle di, si w planifye yon trajè inèdtan ap kondui nan aprèmi pandan èdpwent (4 pm – 7 pm)

- Anba Lavil Miami, ou ka atann a yon **reta 35 minit**, an mwayèn.
- Nan Konte Miami-Dade, ou ka atann a yon **reta 22 minit**, an mwayèn.

Èske w te konnen?
Vè 2050, kantite travay ak kantite rezidan pwojete pou yo ogmante a plis pase 20%.

Pandan Konte nou an ap ogmante, nou va bezwen itilize plis estrateji pou redui blokis.
Paregzanp olye nou woule machin poukont nou, nou te kab:


- Pran transpò piblik
- Ale nan machin an gwoup
- Itilize mikwo-mobilite
- Travay a distans

Pòsyon wout ki gen reta 30 minit ou plis, parèt an **WOUJ**.

Plan Transpò Alontèm 2050 lan (LRTP) gen ladan yon Plan sou Bezwen ki se yon lis tout pwojè transpò miltimodal ke yo ap mande pou yo konstwi ak/oswa amelyore, kèlkeswa pri a (fonksyònman, antretyen, ogmantasyon kapasite, eksetera).



TPO te rasanble done nan men piblik la sou bezwen transpò nan Konte a. Rezidan yo te endike nesosite pou plis pwojè miltimodal, tankou liy pou bisiklèt, twotwa, santye, eksetera.



Apati done yo rasanble pou Plan sou Bezwen an nan men piblik la ak ajans transpò ki se patnè nan pwojè a, LRTP 2050 lan va anvizaje senaryo altènatif alavni pou rezo transpò miltimodal nou an atravè tout konte a. Chak senaryo reprezante yon diferan seri priyorite finansman.

KISA KI PI ENPÒTAN NAN CHAK SENARYO

ENPÒTAN	PI ENPÒTAN AN					Sekirite & Fyab	Konekte	Inovan	Klima Rezilyan	Ekitab	Ekonomikman Kompetitif				
	1	2	3	4	5										
EXISTING PLUS Antretyen sistèm aktyèl la	1	2	3	4	5	1	2	3	4	5	1	2	3	4	5
2045 COST FEASIBLE Egzekite pwojè apati dènye LRPT a	1	2	3	4	5	1	2	3	4	5	1	2	3	4	5
SMART STEP Egzekite epi agrandi pwojè bisiklèt, pwojè pyeton ak mikwo-mobilites	1	2	3	4	5	1	2	3	4	5	1	2	3	4	5
SMART PROGRAM PLUS Egzekite epi ogmante Pwogram SMART la	1	2	3	4	5	1	2	3	4	5	1	2	3	4	5
SMART FREIGHT Maksimize teknoloji pou efikasite kago	1	2	3	4	5	1	2	3	4	5	1	2	3	4	5
SMART TECH Ogmante opsyon transpò gras a teknoloji	1	2	3	4	5	1	2	3	4	5	1	2	3	4	5



Kontak: Elizabeth Rockwell, Chief Information Officer, nan 305-375-1881 oswa information@mdtpo.org
Eskane kòd QR la oswa vizite www.miamidadetpolrtp2050.com | #MiamiDadeIn2050 #MiamiDadeTPO